

Aplikasyon Lotri pou Lwaye Lojman ak Restriksyon Salè nan Alta Revolution, Somerville

Aplikasyon yo dwe ranpli ak livre (dat ki sou li pa chanje anyen) rive **12 Sept 2022**

**PA VOYE APLIKASYON NAN ALTA REVOLUTION (PWOPRIYETE A).
PA VOYE APLIKASYON NAN DIVIZYON LOJMAN SOMERVILLE
TOUT APLIKASYON YO DWE RIVE NAN ADRÈS NEEDEDHAM KI ANNAPRE A
RIVE 2è PM NAN DAT 12 SEPT 2022. SI W TE VOYE APLIKASYON AN PA
LAPÒS EPI LI RIVE APRE 2è PM 12 SEPT 2022, NOU P AP AKSEPTÉ LI (DONK SI
W AP VOYE L PA LAPÒS, ASIRE W KE APLIKASYON AN RIVE OMWEN 1
SEMÈN AVAN DAT LIMIT LIVREZON AN).**

Enstriksyon:

Aplikasyon yo dwe ranpli ak livre rive 2è pm nan dat 12 septanm 2022. Aplikasyon an dwe ranpli konplètman yon fason pou yo trete li. Chak espas yo bay pou inisyèl dwe gen inisyèl sou li, menm si repons lan se "N/D". Si yon kesyon pa aplikab pou ou, tcheke "N/D". PA KITE ANYEN VID.

Tanpri gade paj ki annapre yo pou limit lwaye ak salè epi li Pake Enfòmasyon an pou plis detay. Pou apatman 50% ak 80% AML lwaye yo pa chanje parapò ak salè kandida yo epi lokatè yo pral responsab pou peye tout lwaye a pou tèt yo. Kandida ki genyen Seksyon 8, MRVP oswa lòt kupon ta dwe kontakte administrasyon lojman lokal yo avan yo aplike pou yon kopi kupon sètifika oswa lèt lwaye ki pi resan yo.

APLIKASYON YO DWE LIVRE (SE PA DAT LA KI POU SOU YO) RIVE 2:00 PM nan dat 12 SEPT 2022.

Ou gendwa soumèt aplikasyon yo nan fason sa yo:

RANPLI AK SOUMÈT APLIKASYON AN SOU ENTÈNÈT LA A: <https://form.jotform.com/210403447754048>

Lapòs: SEB Housing

Re: Alta Revolution

257 Hillside Ave

Needham, MA 02494

Sonje: SEB Housing fèmen kounye a

pou Piblik la men gen yon Bwat Livrezon SEB sou sit la!

OSWA

Espas Depo Sommerville:

Biwo Afèmaj Alta Revolution

Kwen Auto Workers Way ak Harold Cohen Way

L-V: 10è AM- 6 PM, Sam 10è AM - 5è PM

Dimanch : 12è PM – 5è PM

Sonje: **Aplikasyon yo depoze nan Alta Revolution**

YO P AP egzamine Bwat Depo a avan dat limit la

OSWA:

Eskane/Imèl: info@sebhousing.com

OSWA

Faks: 617- 782-4500

Si w ap voye faks oswa dokiman eskane, asire w ke w voye tou de bò paj dokiman ki gen enfòmasyon nan de bò yo.



Kalite Inite	Aksesibilite pou Andikape (DA) ak Moun ki Soud (Hearing-Impaired, HI) Apatman	Minimòm Salè Brit pa An**	Minimòm Gwosè Fwaye a	Gwosè Apwoks. (gendwa chanje)	# twalèt	Kantite Apatman	Lwaye pa Mwa (li pa gen ladann sèvis piblik + paking*)
Venn-Senk (25) Apatman 50% AMI							
Estidyo	N/D	\$29,448	1	519-562 pk	1	3	\$1,121*
1 BR	1 DA, 1 HI	\$31,560	1	620-1 022 pk	1	14	\$1,161*
2BR	N/D	\$37,848	2	1 053-1 350 pk	2	6	\$1,322*
3BR	1 DA	\$43,752	4	1 358-1 382 pk	2	2	\$1,476*
Venn-Senk (25) Apatman 80% AMI							
Estidyo	N/D	\$49,101	1	552-562 pk	1	4	\$1,464*
1 BR	N/D	\$49,101	1	552-845 pk	1	15	\$1,530*
2BR	1 DA	\$56,101	2	1 035-1 128 pk	2	5	\$1,768*
3BR	N/D	\$63,101	3	1 382 pk	2	1	\$1,982*
Sèz (16) Apatman 50% AMI							
Estidyo	N/D	\$78,301	1	519 pk	1	1	\$1,852-\$2,978*
1BR	1 DA	\$78,301	1	607-832 pk	1	13	\$1,804-\$2,930*
2BR	N/D	\$89,501	2	1 060-1 097 pk	2	2	\$1,983 -\$3,601*

50% ak 80% Lwaye yo fèt sou baz salè kandida yo (amwenske yo genyen yon kupon Seksyon 8 oswa yon bagay similè). Lokatè yo responsab pou peye tout gaz, elektrisite, dlo ak egou yo.

*Gen espas paking nan lwaye a pou apatman 3BR ak ADA pou fwaye ki bezwen yon espas paking. Pral genyen espas limite pou fwaye k ap lwe Estidyo, ak apatman 1BR ak 2BR ki baze sou bezwen. Sinon, espas yo pral disponib pou yon tarif ki gen yon diskont 50% 112.50\$/mwa.

**Tanpri sonje 80% ak 110% minimòm AMI ki parèt yo baze sou ekivalan gwosè yon fwaye ak kantite chanm a kouche nan apatman yo chwazi a. Pou limit MINIMÒM AK MAKSIMÒM aktyèl salè sou baz gwosè pou apatman 80% ak 110% , tanpri gade tablo annapre a.

Limit Salè (Limit Salè se Salè BRIT)			
Kantite moun ki nan fwaye w	Salè Maks pou Apatman 50 % AMI	Salè Maks ak Minimòm: Apatman 80% AMI	Salè Maks ak Minimòm: Apatman 110% AMI
1	\$49,100	\$49,101 - \$78,300	\$78,301-\$107,954
2	\$56,100	\$56,101 - \$89,500	\$89,501-\$123,376
3	\$63,100	\$63,101- \$100,700	\$100,701-\$138,798
4	\$70,100	\$70,101-\$111,850	\$111,851-\$154,220
5	\$75,750	\$75,751 - \$120,800	\$120,801-\$166,557
6	\$81,350	\$81,351 - \$129,750	\$129,751-\$178,895

Aplikasyon Lotri pou Alta Revolution

Tanpri bay tout enfòmasyon kontak ki vini annapre yo pou Chèf Fwaye a:

Adrès imèl: _____@_____

Tanpri sonje: Sa a se adrès imèl ke nou pral itilize pou kominike avèk ou sou aplikasyon w lan.

Tcheke la a si w PA vle yo mete imèl ou nan lis Lojman Enklizyonè Vil la.

Tanpri sonje ke si adrès imèl la te deja sèvi pou yon Aplikasyon Lotri ke yo te deja soumèt, ou dwe tcheke youn nan bwat ki annapre yo:

Tcheke la a si w ap aplike ankò paske w vle anile soumisyon anvan an (nou pral voye yon imèl ba ou pou konfime ke nou p ap konsidere aplikasyon anvan an).

Klike la a si w ap soumèt yon aplikasyon nan non yon lòt moun ki pa genyen adrès imèl oswa refere avè m kòm pwen kontak pou aplikasyon yo a pa imèl.

Non Kandida a: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Telefòn Fiks:(_____) _____ Telefòn Travay:(_____) _____

Telefòn Selilè:(____) _____ Anplwayè: _____

Kijan w te tande pale de opòtinite sa a? Imèl Sitwèb Vil la Depliyon Jounal Fanmi/zanmi
 Lòt _____

Kesyon ki vini annapre yo OCHWA epi p ap afekte kalifikasyon w nan ankenn fason.

Kisa ki pi byen dekri etnisite w? (Chwazi youn) Ispanik/ Latino Non-Ispanik/ Latino

Ki se ras chèf fwaye/ko-chèf fwaye a? (Tanpri tcheke tout kare ki aplikab yo):

Azyatik oswa Moun Zile Pasifik Endijèn Ameriken/Natif Alaska Azyatik

Mwayennoryan/Afrken Nò Afriken Ameriken

Natif Awayi/Moun Lòt Zile Pasifik Blan Nwa Mawon De oswa plis ras

Lòt: _____

Ki peyi orijin chèf fwaye/ko-chèf fwaye a? (*kesyon sa a ochwa*) _____

Èske w ap travay pou Vil Sommerville, oswa èske w gen manm fanmi w

k ap travay pou Vil la? Yo pa bay preferans nan lotri a si ou, oswa yon manm fanmi w travay pou

Vil Somerville. Nou jis pataje enfòmasyon sa a avèk w. Note ke gen preferans pou moun k ap travay nan Vil Somerville, men yo poze kesyon sa a yon ti kras pi lwen nan aplikasyon an.

WI **NON**

FANMI

Èske gen manm fanmi an ki gen lyen oswa ap travay ak devlopè a, Wood Partners oswa gen lyen oswa ap travay nan Property Management Company, Wood Residential?

- Wi
- Non

Si wi, tanpri esplike relasyon an nan espas nou bay la a:

AKOMODASYON REZONAB

Moun ki andikape gen dwa mande yon akomodasyon rezonab sou baz règ, reglemantasyon, pratik, oswa sèvis, oswaw pou mande yon modifikasyon rezonab, lè akomodasyon oswa modifikasyon sa yo gendwa nesèsè pou ofri moun ki gen andikap yo yon opòtinite egal pou itilize ak jwi lojman an.

Eske gen moun nan fwaye a ki gen demann aksesiblite oswa akomodasyon rezonab oswa chanjman nan apatman an oswa devlopman oswa fason altènativ nou bezwen pou kominike avèk ou?

- Wi
- Non

Si wi, tanpri esplike nan espas ke nou bay la a oswa ekri yon deklarasyon siyen epi atache l:

LANG

Si gen yon lòt lang anplis Anglè ke w ta prefere kominike ladann, tanpri endike sa la a:

- Arab Kreyòl Kap Vèt Chinwa Fransè Kreyòl Ayisyen Nepalè
- Pòtigè Ris Panyòl Vyetnamyen Lòt _____

GWOSÈ/TIP FWAYE AK APATMAN

Tanpri ranpli tablo annapre a pou tout manm fwaye a ki pral okipe apatman an. Note ke timoun ki poko fèt ki nan premye oswa dezyèm trimès **pa kapab** fè pati fwaye w la (men timoun ki poko fèt ki nan twazyèm trimès **kapab** konte nan fwaye w nan kad direktiv pwogram sa a).

Koup ki marye legalman ap konsidere tankou moun ki nan fwaye a **amwenske** kandida a ka bay verifikasyon ke **fwaye a separe epi ap viv nan adrès diferan**. Verifikasyon an ta dwe yon kopi dokiman tribinal ki montre ke divòs/separasyon an te depoze (si dokiman legal la montre adrès diferan pou patnè yo), OSWA kopi kontra lwaye diferan ak/oswa kopi fakti sèvis piblik nan non yo nan adrès diferan, (si pa genyen enfòmasyon tribinal ki disponib) OSWA deklarasyon notarye pou chak konjwen yo ki konfime ke yo separe epi y ap viv nan adrès diferan (si pa genyen enfòmasyon tribinal disponib). Y ap konsidere minè/depandan fè pati fwaye a si chèf fwaye a genyen gad fizik oswa dwa gadyen pou 180 jou pa ane.

Note tou ke manm fwaye ki pa marye epi ki pa fanmi k ap aplike ansanm **pral bezwen** bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman ansanm nan moman Sètifikasyon Pwogram nan. Fwaye ki pa marye ki pa genyen istorik y ap viv ansanm pa kalifye.

NON (NON, SIYATI)	Laj ¹ (sa a pa ka "0" oswa "zewo" gade nòt annapre a sou timoun ki poko fèt)	ÈSKE MOUN SA A SE YOUN NAN CHÈF FWAYE A ² ?	AK KANDIDA YO SITE NAN TÈT PAJ SA A	ESKE MOUN SA A SE YON ETIDYAN A TAN PLEN OSWA LI PRAL YON ETIDYAN ³ A TAN PLEN NAN PWOCHEN 12 MWA YO?
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non
		Wi Non		Wi Non

Ou DWE ansèkle W oswa N nan kesyon etidyan an nan tablo ki pa anwo CHAK manm fwaye. Tanpri note ke yon etidyan a tan plen kalifye pou yon apatman ki baze sou restriksyon salè sèlman si yo se chèf fwaye asosye ak yon moun ki PA yon etidyan a tan plen epi y ap viv ansanm avèk li aktyèlman epi yo pral viv nan pwopriyete a.

1Yo ka mete timoun ki poko fèt nan tablo sa a sèlman si dat akouchman yo tonbe ANVAN oswa nan dat 26 desanm 2022 (epi nan ka sa a, ekri "poko fèt, dat akouchman an se..." epi mete dat akouchman an). Pou timoun ant 0-12 mwa, ou dwe espesifye laj yo an mwa (egz: "5 mwa") Pa mete "0" pou laj yo. Timoun ki poko fè ki ta dwe fèt APRE 26 des pa ka konte kòm manm fwaye nan kad pwogram sa a.

2 Yon Chèf fwaye defini antanke nenpòt moun ki genyen plis pase 18 lane ke yo pa site kòm depandan sou taks yon lòt moun k ap viv nan inite a.

3 Biwo enskripsyon lekòl la defini etidyan a tan plen.

Èske w bezwen yon apatman ki aksesib pou andikape? WI NON

Si WI apre lotri a, n ap bezwen fè verifikasyon bezwen yon apatman aksesib pou resevwa yon preferans pou yon apatman aksesib.

Èske w bezwen fonksyon yon inite ki pou Moun Soud? WI NON

Si WI apre lotri a, n ap bezwen fè verifikasyon pou yon apatman ki genyen fonksyon pou yon moun soud epi w pral resevwa preferans yon apatman pou Moun Soud.

Èske w genyen andikap oswa bezwen medikal pou yon apatman ki genyen plis chanm parapò ak kantite total manm ki nan fwaye w (egz: ou se yon fwaye 1 moun ki bezwe yon apatman 2Chanm pou akomode andikap oswa bezwen medikal)? Tanpri note ke apre lotri a, fwaye ki te make "Wi" pral bezwen bay fòm aktyèl verifikasyon doktè a oswa lòt pwofesyonèl medikal ki trete andikap la, epi nòt la dwe presize ke manm fwaye a nan bezwen chanm a kouche an plis akòz andikap la.

WI NON

Si WI, tanpri chwazi sitiyasyon ki pi byen dekri bezwen pou chanm a kouche anplis la:

Èd k ap viv nan kay la ki pa yon manm fwaye a

Estokaj pou ekipman medikal

Lòt, tanpri eksplike :

Tanpri tcheke tout gwosè apatman w ap aplike pou yo. Ou gendwa aplike pou plis pase yon gwosè apatman ki genyen plis chanm a kouche pase Gwosè Apatman Pa w ki pi gwo a, yo p ap ajoute w sou Lis Atant lan (oswa sou ankenn Lis Atant pou gwosè apatman ke w p at aplike pou yo). Sepandan, tanpri sonje ke yon minimòm yon moun obligatwa pou yon chanm *amwenske w genyen yon andikap oswa yon bezwen medikal pou yon chanm anplis sa ke w dwe dokimante apre lotri a.* Si w di ke w gen yon bezwen medikal pou yon chanm anplis men w pa ka bay dokiman ki pwouve sa, y ap mete w anba nèt nan Lis Atant lan.

Pa egzanp: yon fwaye 2 moun ka aplike pou ni yon apatman 1Chanm ak yon 2Chanm men yo pa ka aplike pou yon apatman 3Chanm sof si gen yon bezwen medikal pou yon chanm anplis.

Estidyo 1 chanm 2 chanm 3 chanm

ENFOMASYON PREFERANS SOMERVILLE (OU DWE TCHEKE "WI" OSWA "NON")

Èske aktyèlman w ap travay a tan plen nan Somerville ? WI NON

Si WI, tanpri note ke apre lotri a, ou pral genyen obligasyon pou w soumèt dokimantasyon detaye nan paragrap annapre a pou w resevwa preferans. Fwaye ki make "Wi" la men ki paka verfiye annapre preferans yo apre lotri a pral retounen anba nèt nan Lis Atant ki te mete yo nan Lotri a.

Si w ap viv aktyèlman nan Somerville apre lotri a ou pral genyen obligasyon pou w soumèt yon kopi fakti ki pi resan w, oswa yon kopi kontra lokasyon aktyèl ou, oswa yon kopi relve bankè w, oswa yon kopi fakti telefòn selilè w, oswa anrejistreman vòt ou. Dokiman an dwe ajou e li dwe genyen non kandida a ak adrès li nan Somerville.

Si w ap travay aktyèlman a plen tan nan Somerville apre lotri a ou pral genyen obligasyon pou w soumèt (A) souch chèk ki pi resan ki montre adrès nan Somerville kote w ap travay fizikman plis pase 32 èdetan pa semèn oswa, si souch chèk ou pa montre detay sa yo, ou dwe soumèt (B) yon deklarasyon siyen travay ou sou yon papyè ak antèt konpayi a ki deklare adrès travay la, non konpayi a ak montan pa èdetan mwayèn pa semèn ou koute w (an mwayèn) nan travay ou nan Somerville.

PWOPRIYETÈ KAY (ANSÈKLE "WI" OSWA "NON")

Èske gen moun ki site sou aplikasyon sa a ki aktyèlman posede yon kay? WI NON

Tanpri sonje ke kandida ki posede yon pwopriyete oswa ki gen enterè nan yon pwopriyete oswa ki gen non yo sou yon Ak oswa Ipotèk nan moman Sètifikasyon Pwogram nan pa kalifye pou yon apatman ak restriksyon salè.

SALE

Èske w ap resevwa aktyèlman oswa èske w gen yon kupon oswa sètifika Seksyon 8 mobil oswa MRVP oswa?

WI NON

Ajan Lotri a pa diskriminen sou baz sous salè. Yo poze kesyon sa a nan objektif pou detèmine kapasite w pou w peye lwaye.

ENSTRIKSYON POU RANPLI TABLO SALÈ KI VINI ANNAPRE A

Tanpri ranpli Tablo Salè a nan de paj ki vini annapre yo. Pou rezon **detèminasyon salè**, "Fwaye" ta dwe siyifi tout moun ki gen non yo ki parèt sou kontra lokasyon an, epitou tout moun ki gen entansyon okipe apatman lojman an antanke rezidans prensipal pèmanan yo, menm lè yo pa nan kontra lokasyon an. Sonje ke koup ki marye legalman ap konsidere tankou moun ki nan fwaye a **amwenske** kandida a ka bay verifikasyon ke fwaye a separe epi ap viv nan adrès diferan. Verifikasyon an ta dwe yon kopi dokiman tribinal ki montre ke divòs/separasyon an te depoze (si dokiman legal la montre adrès diferan pou patnè yo), OSWA kopi kontra lwaye diferan ak/oswa kopi fakti sèvis piblik nan non yo nan adrès diferan, (si pa genyen enfòmasyon tribinal ki disponib) OSWA deklarasyon notarye pou chak konjwen yo ki konfime ke yo separe epi y ap viv nan adrès diferan (si pa genyen enfòmasyon tribinal disponib).

Revni *tout* manb fwaye yo pral konte, sèl eksepsyon revni travay pou manb fwaye ki genyen pi piti pase 18 ane oswa nenpòt salè ki depase \$480/ane oswa etidyan a tan plen ki se depandan (men tanpri sonje ke yo dwe bay dokiman salè pou moun ki depandan yo).

Tanpri sonje:

1. Salè brit pou salè jounalye, salè ak poubwa elatriye. aktyèl se montan total, avan nenpòt dediksyon, epi se montan yo sèvi pou detèmine estimasyon salè anyèl la.
2. Pou kandida ki se travayè endepandan mete kontra oswa non travay la nan espas nou bay la. Yo pral ba w enfòmasyon sou tout dokiman anplis ke w ap bezwen pou soumèt nan **Seksyon 2** a.
3. "Enterè sou Salè" se nenpòt montan w ke w resevwa sou nenpòt aktif eksepte pou montan ki soti nan yon kont retrèt oswa 401K puiske sa yo ale nan ling pou "pansyon" oswa "fon retrèt".

Ou dwe site tout sous salè BRIT nan Tablo Salè a. Si yon seksyon pa aplike, pase trè sou li oswa ekri ND. Avan w fè rezèvasyon yon apatman sou baz restriksyon salè, w ap jwenn enstriksyon pou fè deklarasyon an detay sou CHAK SOUS REVNI pou chak manb fwaye a.

Aprè lotri a, n ap mande w pou w atache dokiman sipò k ap sou fòm sis (6) **souch chèk ak/oswa deklarasyon salè pou tout sous revni w yo, twa (3) mwa konsekitif relve bankè, deklarasyon W-2 ak deklarasyon taks sou revni ki pi resan an** (tankou tout atachman ak amandman) pou chak manb fwaye a.

Sous Salè	BRIT pa Ane Salè
Salè/Revni sou Travay pou TOUT manm fwaye yo:	\$
Salè/Revni sou Aktivite Pèsonèl pou TOUT manm fwaye yo:	\$ <i>(nòt pou Salè Moun Endepandan SÈLMAN mete Salè Nèt fwaye a la a)</i>
Frè Okipasyon Timoun Ke w Resevwa pa Ane:	\$
Frè Alimantè ke w Resevwa pa Ane:	\$
Total Salè Sekirite Sosyal ak SSDI pou TOUT manm fwaye yo pa Ane:	\$
Revni Pansyon ke w resevwa nan tout sous pa ane:	\$
Total distribisyon ki soti pa ane sou TOUT Kont Retrèt ou yo	\$
Total Frè Chomaj ke w ap Tann Pou Pwochen 12 Mwa yo <i>(sonje: PA konte EPUC (Federal Pandemic Unemployment Compensation) Konpansasyon Federal Chomaj pou Pandemi a) piske EPUC PA konte pou Pwogram sa a)</i>	\$
Total Konpansasyon Travayè pou Pwochen 12 Mwa yo:	\$
Total Konpansasyon Revokasyon pou Pwochen 12 Mwa yo:	\$
TAFDC/EAEDC	\$
Salè Tan Plen Etidyan (18 ak Plis Sèlman)	\$
Total peman peryodik fanmi/zanmi ak Kado Okazyonèl pou yon ane: <i>(sa vle di asistans lwaye nan men fanmi)</i>	\$
Enterè w fè sou tout aktif kont ou yo sou yon ane:	\$
Si w posede yon pwopriyete epi lwe, total montan revni lwaye sou byen imobilye w yo:	\$

PLIS KESYON SALÈ SOU PWOCHEN PAJ LA!

KESYON SALÈ ANPLIS:

Tcheke la a si gen yon salè Bonis ki PA reflete nan tablo anvan an (tankou Bonis fen ane, ogmantasyon ke w pral jwenn) ak answit bay revni Bonis ou a nan bwat annapre a (egz: "John Doe pral resevwa \$1,000 bonis nan fen ane kalandriye a" ak answit "\$1,000")

Detay Revni Bonis la:	Espwa Revni Bonis pou pwochen 12 mwa yo: \$
-----------------------	--

Tcheke la a si genyen nenpòt lòt salè ki PA reflete nan tablo yo ak bwat anvan yo.

"Lòt" Detay Salè (sa pa ta dwe reflete ankenn kote nan tablo anvan an):	Total revni w espere nan "Lòt" sous pandan pwochen 12 mwa yo: \$
---	---

Kounye a totalize tout Tablo Salè w la (sou paj anvan an) ak de bwat anvan yo.
Total Salè Pa Ane Fwaye w la se:

\$

Ou ta dwe tcheke Total Salè Pa Ane Fwaye w nan bwat anvan an kont limit salè ki parèt nan Aplikasyon Lotri sa a.

Tanpri konplete tablo annapre a ak **Enfòmasyon Aktif** fwaye w la. Sonje Si yon manb nan fwaye a te divèsifye aktif pou tèt yo pou mwens pase valè kach total oswa ki jis pou aktif la nan yon peryòd de ane avan Sètifikasyon sa a, valè kach total ak jis aktif sa a nan moman y ap separe de li dwe site nan lis ki annapre a.

Aktif ki pa pou Retrèt	Montan
Total Montan sou Tout Kont Chèk:	\$
Total Montan sou Tout Kont Epay:	\$
Total Montan sou Tout Venmo/Paypal/Aplikasyon Kach:	\$
Total Montan nan Fidisi (ke w ka aksede);	\$
Total Montan Sètifika/CD	\$
Total Montan nan Ekonomi/Obligasyon Trezò:	\$
Total Montan nan Fon Mityèl:	\$
Total Montan sou Tout Kont Mache:	\$
Total Montan nan Kont Deviz (kach nan men, kriptomonè elatriye):	\$
Eske oumenm, oswa nenpòt moun nan aplikasyon sa a posede yon pwopriyete, OSWA Èske oumenm, oswa nenpòt moun ki sou Sètifikasyon sa a genyen dwa pou li resevwa nenpòt kantite lajan apati nenpòt pwopriyete yo vann? (aktyèlman oswa yon antant tribinal ki gen pou fèt) WI NON	\$
Si WI, mete Total Kapital Nè (Valè Evalye mwens ipotèk oswa balans prè) sou tout imobilye ke w posede nan bwat ki adwat la epi sonje ke pwopriyete a dwe vann anvan Sètifikasyon Salè a	
Sòm Total Aktif ki pa pou Retrèt	\$

Sonje ke: "Total Sòm Aktif ki pa pou Retrèt" dwe pi ba pase \$250,000 pou kalifikasyon nan lotri sa a.

Aktif Retrèt	Montan
Tanpri sonje, ke se sèl montan ki nan plan retrèt, kont/pwodui ke gouvènman an rekonèt ke w ta dwe ekri la a. Si w ap sèvi ak yon lòt kalite aktif antanke ekonomi oswa envestisman pou retrèt ou, tanpri note ke yo ta dwe ekri anba seksyon "aktif ki pa pou retrèt".	
Total Balans nan 401 (K):	\$
Total Balans nan IRA:	\$
Total Balans nan Anuite:	\$
Total Balans nan tout Lòt Kont Retrèt ke yo Retade Taks sou yo:	\$
Sòm Total Aktif Retrèt	\$

Sonje: Pa genyen limit aktif pou Aktif Retrèt nan lotri sa a.

Kounye a ou dwe li, siyen ak date paj ki vini annapre a.

Tanpri li chak eleman ki vini annapre a ak anpil prekosyon avan w siyen.

1. Mwen deklare sou pèn ak sanksyon kont fo deklarasyon ke enfòmasyon ki bay sou chak paj nan aplikasyon sa a se verite epi kòrèk. Mwen konprann ke si nenpòt sous salè oswa aktif pa revele sou aplikasyon sa a, onswa nenpòt enfòmasyon mwen bay ki pa verite ak kòrèk, yo ka retire aplikasyon sa a imedyatman pou plis konsiderasyon epi mwen p ap gen dwa ankò pou rezève yon apatman.
2. Mwen konprann ke aplikasyon sa a ap enkonplè si mwen pa siyen ak date paj sa a ak inisyal nan tout pwen kote sa endike nan aplikasyon an.
3. Moun ki siyen anba dokiman sa a sètifye ke ankenn moun ki site nan aplikasyon sa a, oswa fanmi yo, pa genyen yon enterè finansye nan devlopman an epi ankenn moun ki site nan aplikasyon sa a pa ka konsidere antanke Pati Aparante sou baz direktiv lojman abòdab k ap gouvène pwopriyete sa a.
4. Moun ki siyen an sètifye ke apatman abòdab sa a pral rezidans prensipal li epi moun ki siyen an pa ka posede yon kay lòt kote oswa nan yon fidisyè pandan l ap viv nan yon apatman abòdab.
5. Mwen konprann ke kontra lokasyon ak rezidans apatman ki pral okipe yo nan kad pwogram lojman abòdab sa a gendwa sijè anilasyon si nenpòt nan enfòmasyon ki bay anvan an pa verite oswa pa kòrèk.
6. Mwen konprann ke sa a se yon aplikasyon preliminè epi enfòmasyon ki bay yo pa bay garanti yon lojman.
7. Mwen konprann ke sa a pa yon aplikasyon kontra lokasyon epi si mwen gen opòtinite pou avanse nan pwosesis lwaye yon apatman abòdab, mwen pral bezwen ranpli yon aplikasyon lwaye nan biwo lwaye kote y ap detèmine kalifikasyon w pou lwaye ak faktè anplis tankou nòt kredi, istorik lokatè ak verifikasyon antesedan krimine.
8. Mwen konprann ke nenpòt chanjman nan salè oswa aktif fwaye oswa chanjman nan konpozisyon fwaye a, ki fèt apre soumisyon aplikasyon sa a gendwa vin fè mwen pa kalifye pou lojman abòdab la.
9. Ko-sinyatè ak Avalizè **pa** otorize.
10. Mwen rekonèt ke si mwen bay adrès imèl mwen nan aplikasyon sa a, SEB Housing pral kominike avèk mwen pa imèl olye de pa lapòs amwenske mwen fè yon demand alekri sou sa. Mwen konprann ke mwen dwe rapòte nenpòt chanjman nan enfòmasyon pou kontakte mwen bay SEB Housing alekri.
11. Mwen konprann ke detèminasyon kalifikasyon SEB Housing nan fèt sou baz direktiv ki gouvène Pwogram Lojman Abòdab la pou devlopman ak, tankou bare nenpòt erè ke SEB Housing konfime nan aplikasyon direktiv yo epi/oswa kalkil salè, desizyon final epi mwen dakò tou pou konsidere SEB Housing san fot pou nenpòt reklamasyon ki anrapò ak aplikasyon sa a.
12. Moun ki siyen anba konsantman sa a nan Vil Somerville, SEB Housing LLC ak Wood Partners, ak moun yo bay dwa, pou verifeye enfòmasyon ki bay nan aplikasyon sa a. Moun ki siyen an otorize piblikasyon enfòmasyon si sa nesèsè pou detèmine salè ak aktif nan men referans lòt pati.
13. Mwen konprann ke si mwen okipe yon apatman restrisyon salè mwen dwe soumèt salè ak aktif mwen ki dokimante pa ane.

Siyati Kandida a

Dat

Siyati Kandida a

Dat

Siyati Kandida a

Dat

Ajoute tout dokimantasyon jan yo mande sa sou paj kouvèti a. Pou Kesyon kontakte info@sebhousing.com oswa (617) 782-6900 x1.

Devlopman sa a pa fè diskriminasyon nan seleksyon kandida yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, zansèt, timoun, estati fanmi, enfòmasyon jenetik, eta sivil, resepsyon asistans piblik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

